

## KIYÈS KI KAPAB MANDE YON MEDYASYON?

Se moun ki pran asirans lan sèlman ki kapab mande yon medyasyon, antanke mèt kontra asirans lan, yon moun endepandan, antanke sesyonè avantaj kontra a oswa konpayi asirans lan. Sepandan, yon konpayi asirans pa oblije patisipe nan yon medyasyon yon lòt sesyonè avantaj asirans lan te mande.

## KIYÈS KI KAPAB PATISIPE EPI KISA MWEN TA DWE POTE?

Si w ap konte sou achitèk, ajistè oubyen kontraktiyèl pou jistifye reklamasyon ou an, ou gendwa mande yo pou yo patisipe avèk ou. Li kontra w ak atansyon epi chèche non moun ki nan lis la kòm “asire yo nonmen”. Moun ki asire a dwe patisipe nan konferans medyasyon an. Paskè medyasyon an pa kontradiktwa, li pa nesèsè pou yon avoka prezan. Sepandan, si ou chwazi pou pran yon avoka, tanpri notifiye medyatè a ak DFS omwen 14 ou anvan dat konferans la.

Pa bliye pote nenpòt dokiman ki kore demann ou, tankou kontra w la, foto, estimasyon, bòdwo, rapò, lèt, elatriye. Li enpòtan pou pote estimasyon ki endike montan presi a oubyen devi pou tout atik y ap dispite a. Si yon moun ki pran kontra asirans bezwen yon entèprèt, yo dwe asire yo moun sa gen yon entèprèt adispozisyon li.



## PWOGRAM MEDYASYON POU REKLAMASYON POU PWOPRIYETE REZIDANSYÈL

Depatman Sèvis Finansye an ede kliyan yo ki gen difikilte pou jwenn solisyon pou reklamasyon asirans pou pwopriyete rezidansyèl yo. DFS te kreye yon pwogram medyasyon pou rezoud dispit reklamasyon ant konpayi asirans yo ak moun ki pran asirans nan Eta Florida ki te gen pwopriyete rezidansyèl ki sibi domaj akòz siklòn, dife ak lòt kòz toujou. Konpayi asirans yo oblije notifiye moun ki pran asirans osijè dwa yo pou yo jwenn yon medyasyon si y ap dispite reklamasyon an epi yo pa t jwenn yon solisyon rapidman.



Si w gen kesyon oswa ou bezwen plis enfòmasyon, ou kapab kontakte Depatman Sèvis Finansye nan 1-877-MY-FL-CFO (1-877-693-5236) oswa sou entènèt nan <http://MyFloridaCFO.com/Division/Consumers/Mediation/default.htm>.

Revize an jiyè 2018

## PWOGRAM MEDYASYON

Dispit pou Reklamasyon  
Pwopriyete Rezidansyèl



## **KISA MEDYASYON YE?**

Medyasyon se yon pwosesis ki pa kontrenyan kote yon moun ki pa ni moun pa ou, ni moun pa konpayi asirans la ede oumenm ak konpayi asirans ou jwenn yon antant. Ni oumenm ni konpayi asirans lan pa oblije legalman aksepte yon òf. Menmsi ou jwenn yon antant alamyab pandan medyasyon a, ou gen twa (3) jou sivil pou chanje lide w, akondisyon ou pa chanje chèk antant alamyab la pandan sa epi ou notifiye konpayi a sou desizyon w.

Pou ede tout moun eksprime pwendvi yo, medyatè a gendwa kontre an prive avèk ou oubyen avèk konpayi asirans ou. Bagay ki pi enpòtan pou sonje konsènan patisipasyon nan medyasyon se ou gen yon chans pou esplike konpayi asirans ou sa ou panse ou gen dwa pou resevwa selon kontra asirans la.

## **KIYÈS MEDYATÈ YO YE?**

Medyatè se moun DFS apwouve, epi moun sa yo gen ladan moun yon tribinal te nonmen. Yon medyatè dwe gen yon sètifikasyon aktif antanke medyatè tribinal sikwi akredite nan men Lakou Siprèm Eta Florida a oswa medyatè a te dwe jwenn apwobasyon apatide 1ye jiyè 2014, epi li te dwe te òganize deja omwen yon medyasyon pou kont depatman an nan kat (4) lane ki vini touswit anvan dat sa a. Yon medyatè tribinal sikwi ki akredite nan Lakou Siprèm Eta Florida ki gen yon akreditasyon ki perime, yo sispann, yo te sanksyone oubyen yo dezakredite li, p ap ka kalifye pou patisipe nan pwogram medyasyon an.

## **KI LIMIT MEDYASYON AN GEN?**

Medyatè a ede moun ki konsène yo konsantre sou pwoblèm yo epi konprann pwendvi lòt moun lan, men li pa enpoze yon solisyon pou diskisyon an. Se pa paske ou chwazi pou fè yon medyasyon ki vle di ou p ap ka patisipe nan lòt pwosedi rezolisyon dispit oubyen ou p ap kapab ale nan tribinal apresa. Pa gen anyen ou di nan yon konferans medyasyon an yo ka itilize kont ou pandan pouswit pi devan.

## **ÈSKE PWOPRIYETE KOMÈSYAL REZIDANSYÈL YO KALIFYE?**

Dispit konsènan politik prensipal asosyasyon kondominyòm yo, politik ki pou bilding apatman, pwopriyete y ap lwe ansanm ak lòt pwopriyete komèsyal rezidansyèl gendwa kalifye pou medyasyon.

## **ÈSKE MWEN KALIFYE?**

Nenpòt moun ki gen yon reklamasyon pou domaj nan pwopriyete rezidansyèl, poutèt domaj garanti ki depase \$500 san konte dediktib la, gendwa patisipe nan medyasyon an. Reklamasyon y ap diskite toujou egzanpte pou medyasyon lè yo sispèk te gen yon fwòd. Yo retire reklamasyon komèsyal ak responsabilite sivil yo tou nan medyasyon an.

Pou w konnen si w kalifye oswa pou mande yon medyasyon, rele gratis nan Liy Dirèk pou Kliyan Depatman Sèvis Finansye an nan 1-877-MY-FL-CFO (1-877-693-5236).

## **KI KANTITE TAN AK LAJAN SA AP KOUTE?**

Medyasyon an kapab kontinye jistan toude moun ki konsène yo dakò y ap fè pwogrè. Se konpayi asirans lan ki peye pou medyasyon an, eksepte sizoka moun ki pran kontra asirans lan anile san jistifikasyon epi li vle repwograme medyasyon an pou yon lòt lè. Nan ka sa a, se moun ki pran asirans lan ki pral peye.

## **KIJAN MWEN KAPAB KÒMANSE?**

Konpayi asirans ou oblije notifiye w alekri konsènan dwa w pou jwenn medyasyon. Si ou vle mande yon medyasyon, kontakte DFS nan 1-877-MY-FL-CFO (1-877-693-5236). Depi yo fin mete yo dakò sou medyasyon an, medyatè a pral notifiye w ak konpayi a osijè dat, lè ak kote konferans lan pral ye. Yo pral òganize medyasyon an nan yon kote ki net.

